

PRÈ KI POU ETIDYAN NAN DWA POU PRETE LAJAN

TOUT PRÈ KI POU ETIDYAN NAN DWA POU PRETE LAJAN NAN ETA NEW YORK GEN DWA POU:

1. Yon lèt ki montre tout èd finansye li te jwenn nan tout lekòl nan eta New York.
2. Enfòmasyon klè, egzat e konplè sou tèm prè a.
3. Enfòmasyon sou nenpòt plan ak opsyon ranbousman prè ki disponib.
4. Enfòmasyon sou nenpòt egzayat, padon ak anilasyon dèt ki disponib.
5. Peman prè a dwe aplike sou kont ou nan fason ki pi benefisye ou.
6. Yon sèvis a la kliyantèl ki trete ou ak respè e jis.
7. Detay sou tout prè ki fasil pou aksede sou entènèt an tout sekirite.
8. Transfè san pwoblèm, si prè a te fèt pa yon nouvo konpayi.
9. Tout istwa peman egzat ki rapòte a ajans de kredi yo.
10. Repons pou plent ou fè bay founisè sèvis ou yo.

1. Yon lèt ki montre tout èd finansye ou te jwenn nan tout lekòl nan eta New York.

Si ou aplike pou èd finansye pou ale lekòl nan eta New York, lekòl yo dwe voye yon fèy enfòmasyon sou prim finansye pou fanmi ou, epi pou ou kapab byen konprann depans yon edikasyon, pou ou ka pran yon desizyon finansye enfòme, epi pou ou kapab konpare òf pou èd finansye ak lòt lekòl yo. Lèt prim èd finansye sa yo dwe gen ladan'l sèten enfòmasyon, tankou pri total asistans ou pou ane kap vini a, estimasyon pri pou asistans pou nenpòt ki ane ki vin apre ou fin gradye, sibvansyon total ak prim bousdetid, kantite lajan prè ou kapab jwenn, ak pousantaj gradyasyon lekòl la, ak ki pousantaj prè yo fèt, ak konbyen dèt elèv yo elve an mwayèn..

2. Enfòmasyon klè, egzat e konplè sou tèm prè a.

Founisè prè elèv yo pa ka mal prezante oswa neglije nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak prè ou yo, ki gen ladan tèm yo oswa kondisyon yo, egzistans prè oswa kantite lajan nan nenpòt ki frè oswa peman, ak nenpòt ki règleman ki gen rapò ak moun ki ap negosye a.

3. Enfòmasyon sou nenpòt plan ak opsyon ranbousman prè ki disponib.

Founisè prè etidyan yo dwe enfòme ou sou nenpòt plan ranbousman prè, pou ki ou elijib, afiche enfòmasyon yo byen, sou sit entènèt yo, asire ke reprezantan kliyan yo, byen antrene, epi poste avi enfòmasyon anyèl yo.

4. Enfòmasyon sou nenpòt egzayat, padon ak anilasyon dèt ki disponib.

Founisè prè etidyan yo dwe enfòme ou sou nenpòt prè anilasyon oswa pwogram egzayat, pou ki ou elijib, ki afiche enfòmasyon sou sit entènèt yo a, asire ke reprezantan kliyan yo byen antrene, epi poste avi enfòmasyon anyèl yo.

5. Peman prè a dwe aplike sou kont ou nan fason ki pi benefisye ou.

Pou diminye depans pou etidyan yo ak fanmi yo, si li pa espesifye nan kontra prè ou a, ajans rekouvremant prè etidyan an dwe mande ki jan ou ta renmen remèt nenpòt ki peman ki pa konfòm a ou, sitou peman yo ki pi gwo oswa mwens pase peman chak mwa ou ta dwe bay la, ki aplike nan kont ou. Si ou pa bay yon fason espesifik pou aplike pou peman an, founisè sèvis yo dwe aplike peman an, nan pi bon enterè pou ou. Sa vle di, pa egzanp, peman anplis nan prè ki gen pi gwo enterè a, founisè a dwe asire ke peman sa peye pi vit ke posib, epi aplike peman ki pa twò chè nan fason ki minimize frè an reta ak rapò sou kredi negatif.

6. Yon sèvis a la kliyantèl ki trete ou ak respè e jis.

Founisè prè pou etidyan yo dwe afiche sou sit entènèt yo yon nimewo gratis ke ou ka rele pou diskite sou prè ou yo ak yon reprezantan kliyan. Reprezantan sa yo dwe resevwa fòmasyon ak konesans sou nenpòt ki plan ranbousman prè ki disponib oswa plan gratis, egzeyat, ak pwogram anilasyon dèt yo. Li se yon vyolasyon lwa nan Eta New York pou yon ajan rekouvremant prè pou etidyan oswa reprezantan yo angaje yo nan nenpòt konpòtman ilegal, enjis, mansonjè, abizif, oswa predatè, tankou bay manti oswa omisyon nenpòt ki opsyon ki disponib pou ou kòm yon etidyan kap prete, oswa ki fè ou pran yon plan ranbousman ki pi long ak pi chè, pase plan ou ta dwe kalifye pou li a..

7. Detay sou tout prè ki fasil pou aksede sou entènèt an tout sekirite.

Founisè prè pou etidyan yo dwe disponib sou entènèt, tout tan epi yo gratis, yon dosye ki klè ak konplè pou chak prè ou. Dosye sa yo dwe enkli yon rapò ki dekri chak prè etid ou ki nan sèvis yo ak estati prè sa yo, ansanm ak to enterè prè ak balans ki rete yo.

8. Transfè san pwoblèm si prè a te fèt pa yon nouvo konpayi.

Si yo transfere prè etidyan ou a pou nenpòt ki rezon ki soti nan founisè prè etidyan a yon lòt, founisè sèvis yo dwe asire ke tout dokiman enpòtan yo transfere byen, ki gen ladan kopi nòt òdonans prè a, yon orè peman ki te fèt, ak nenpòt ki dosye, nan kominikasyon avèk ou. Anplis, nouvo ajans prè medikal etidyan yo dwe respekte, epi kontinye ofri tout benefis sèvis founisè anvan yo ki te disponib pou ou, tankou benefis ki te disponib pou ou men ou pat te ankò kalifye. Finalman, ajans rekouvremant prè pou etidyan yo dwe ba ou avi sou nenpòt ki vant, plasman, oswa transfè nan prè ou a, epi yo dwe ranpli vant la, plasman, oswa transfere pre a omwen sèt jou anvan pwochen peman an fèt.

9. Tout istwa peman egzat ki rapòte a ajans de kredi yo.

Ajans rekouvremant prè etidyan yo dwe rapòte sèlman enfòmasyon ki egzat sou pèfòmans peman ou a, a ajans pou rapò kredi yo.

10. Repons pou plent ou fè bay founisè sèvis ou yo.

Sèvis administrasyon prè etidyan yo dwe reponn a nenpòt plent ou te soumèt, yon negosyan, oswa yon reprezantan otorize. Founisè prè etidyan yo dwe rekonèt ke yo te resevwa plent lan e dwe envestige, epi korije nenpòt ki erè nan yon peryòd tan espesifye. Ou ka soumèt tou yon plent bay Depatman Sèvis Finans nan Eta New York, ki pral asire ke founisè etidyan prè a envestige e reponn ak plent nan yon tan ki apwopriye.